

KOUT LANBI POU NASYON AN 2 novanm 2021

Frè ak sè ayisyen kap viv nan peyi a tankou lòtbò dlo

Peyi a ap rakle. Têt tout moun ap travay kou boutèy mabi poutèt yo pa konn kijan demen ap pase. Têt tout moun cho tankou yon vè lanp.

Nan jou sa yo nap gade ak anpil lapenn moun kap kite peyi a pa bann e pa paket pou al chèche lavi miyò tank yo pè nan sitiwayon ensekirite kap taye banda tribòbabò.

Collectif 4 Decembre ap fè yon dènyé kout rèl paske li plis ke ijan pou nou rejwenn konfyans nan peyi a. Popilasyon ap mande e ap tann yon goudenman li ka fè konfyans atò. You lòt fwa ankò nou mande tout fòs nasyon an tankou chak sitwayen pou yo **pran konsyans kòm sitwayen**.

Li enpòtan anpil pou yo konprann jodia ke sèl chimen pou nou pran pou sòti nan sa nou ye laa se asepte pou pandan yon ti tan, yon ekip **moun ki konn sa yap fè a**, ki **WÈ PEYI** e ki **pa janm nan dwèt long**, travay é pran responsabilite **tranzisyon ki pou refonde peyi a**.

Depi komansman nasyon an, é jouk jody-a, chire pit san rete ant pitit menm peyi-an pandan ke dirijan yomenm se de kolon ki pa janm vle rekonet dwa pep la, fè ke nou rete nan yon sou devlopman kap kondwi nou tou dwat nan lanmo tout peyi nou an.

Li lè li tan pou nou fè chwa tèt frèt ki pou mete nou nan wout yon leta san enpinite, kote nap konstwi yon leta tout bon kote chak moun ka viv nan kè poze, nan yon viv ansanm kote avni jèn yo ap asire.



Jean-Robert Argant
Kòdonatè jeneral